

Peji imwe chete nezve "kukuchidzira ruvengo"

Maererano nemutemo:

Chikamu 20, ndima 2 cheInternational Covenant on Civil and Political Rights (ICCPR) chinotaura kuti "kusimudzira ruvengo rwerudzi, dzinza kana chitendero uko kunonzi kukuchidzira rusaruro, utsinye kana chisimba kucharambidzwa nemutemo."

Tsananguro dzemashoko:

- Mashoko ekuti "**ruvengo**" uye "**utsinye**" anoreva manzwiwo akasimba asina kunaka ekuzonda, kuvenga uye kusvotwa nechimwe chikwata chevanhu;
- Shoko rekuti "**kusimudzira**" rinofanira kunzwiswa kuti rinoreva kuti panoda kunge paine vavariro yekuti veruzhinji vavenge chimwe chikwata chevanhu; uye
- Shoko rekuti "**kukuchidzira**" rinoreva mashoko anotaura nezverudzi, dzinza kana kuti mapoka ezvitendero, ayo anoita kuti vanhu vabve vangosarura, kuitira utsinye kana kuti chisimba vanhu vanenge vari muzvikwata izvozvo.

Chiyero chakazara:

Chikamu 20 cheICCPR chinoti panofanira kuva nechiyero chakazara nekuti vanhu vanofanira kuramba vaine kodzero yekutaura zvavanoda. [Rabat Plan of Action](#) (A/HRC/22/17/Add.4, appendix) inoratidza kuti zvikamu zvese zviri zvitanhatu zvechiyero zvinofanira kuvapo kuti mashoko azonzi imhosva inosungisa:

- (1) **Zvakanga zvichiitika:** Zvakanga zvichiitika zvakakosha chaizvo kana pachitariswa kuti mashoko akataurwa anokonzera rusaruro here, utsinye kana chisimba kuchimwe chikwata chevanhu, uye zvinogona kuva nechekuita zvakananga pavavariro uye/ kana kukonzeresa. Kuongorora zvakanga zvichiitika kunotarisa mashoko acho zvichienzaniswa nezvaitika munharaunda uye panyaya dzezvematongerwe enyika panguva yakataurwa mashoko acho;
- (2) **Mutauri:** Chinzvimbo chemunhu ari kutaura kana basa rake munharaunda rinofanira kutariswa, kunyanya chinzvimbo chemunhu wacho kana kuti sangano rake zvichienzaniswa nevanhu vakateerera vaari kuudza mashoko acho;
- (3) **Vavariro:** Chikamu 20 cheICCPR chinoti panofanira kuva nevavariro. Kushaya hanya kana kufuririka hazviiti kuti mashoko acho abva anzi imhosva pasi pechikamu 20 cheICCPR, nekuti chikamu ichi chinotaura nezve "kusimudzira" uye "kukuchidzira" kwete kungopawo vamwe kana kugovera mashoko. Panyaya iyi, zvinoreva kutanga munhu aronga kuti vari kuudzwa vagokuvadza vari kurehwa;
- (4) **Mashoko uye zvaari:** Zviri mumashoko akataurwa ndizvo musimbote wenyaya yemudare uye zvinonyanya kutariswa panyaya yekukuchidzira. Kuongorora mashoko acho kunogona kusanganisira kuona kuti mashoko acho aitsamwisa zvakadini uye aive akananga zvakadini, uyewo kuti akataurwa sei, zvichinzii uye kuti zvakataurwa zvacho zvine udzamu hwakadini;
- (5) **Mashoko akapararira zvakadini:** Panyaya yekupararira, panotariswa kuti zvakasvika kupi, ndivanani vakazvinzwa, ukuru uye uwandu hwevakanzwa mashoko acho. Zvimwe zvinhu zvekutarisa zvinosanganisira kuti mashoko acho agara achitovikanwa here, akaparadzirwa sei, semuenzaniso pakabepa kamwe chete kana kuti akatepfenyurwa mumapepanhau kana kuti paIndaneti, uwandu hwekutepfenyura, nhamba yenhepfenyuro uye kwadzinovika, uye kuti vateereri vaikwanisa kuita zvavaikurudzirwa kuti vaite here, kuti mashoko (kana basa) ari kuparadzirwa nezvinhu zvisingawaniki kune veruzhinji kana kuti zvinowanika nyore kuvanhu vese; uye
- (6) **Mukana wekuti zviitike, kusanganisira nguva yacho:** Kukuchidzira kunotsanangurwa semhosva yakaipa inosungisa. Zviri kunzi zviitwe zvinogona kusaitika, asi mhosva inenge yatoparwa. Kunyange zvakadaro, panofanira kutariswa mukana uripo wekuti vanhu vangakuvadzwa. Zvinoreva kuti matare edzimhosva anofanira kuongorora kana paine mukana wekuti mashoko acho aikwanisa kukuvadzisa chikwata chevanhu chakataurwa, izvozvo zvichiitika zvakananga.

Rabat Plan iri kunetseka painoona kuti mharapatsetsetse, kusanganisira zvese zviri pachiyero chechikamu 20 cheICCPR, hadzisi kutongwa uye kurangwa. Panguva imwe chete iyi, nhengo dzemapoka maduku dziri kutambudzwa, pamwe pachokwe zveutsinye, pachishandiswa mitemo isina kuti tsvikiti yemunyika dzavo, mirau uye zvisungo. Vakuru vakuru vezvematongerwe enyika uye vechitendero vanofanira kurega kukuchidzira ruvengo, asiwo vane basa guru ravanofanira kuita kuti vatsoropodze zvakasimba uye pasina kunonoka mashoko ese anoratidza ruvengo uye vanofanira kubudisa pachena kuti kurwisana hakuna kunaka senzira yekugadzirisa kuvengana (onawo [zvisungo 18 pakanzi "Faith for Rights"](#)).